


KISA DETANSYON YE?

Detansyon nan imigrasyon se pratik pou fèmen imigran yo pandan y ap tann yon desizyon nan Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) sou ka imigrasyon yo oswa pou depòtasyon. Malgre ke detansyon imigrasyon ak prizon kriminel sanble prèske menm jan, moun ki te arete pou rezon imigrasyon yo jwenn mwens pwoteksyon legal.

Detansyon dire toutotan ka imigrasyon w lan dire, sa ki kapab plizyè mwa. Kalite lavi andedan yon sant detansyon jeneralman pa trè bon. Gen yon mank nan pwodwi premye nesosite yo, souvan gen abi ki fet. ICE ak Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP) kapab kenbe nenpòt moun yo jwenn ki pa gen papyè, oswa nenpòt moun ki pa sitwayen e ki komèt sèten krim.

KISA K AP PASE SI YO ARETE MWEN?



Si OFO decide ou pa admisib, swa yo pral arete w pandan tout tan li pran yo pou yo depòte w oswa pou w fin regle dosye imigrasyon w lan (kapab dire plizyè mwa) oswa yo pral pèmèt ou kite Ozetazini volontèman.

Si w pè retounen nan peyi w, DI OFISYE YO. Ou gen dwa a yon entèvyou kredib laperèz ak pou aplike pou azil. Yon entèvyou laperèz kredib se yon pati nan pwosesis azil la kote yon moun di ke li pè retounen nan peyi kote l soti a e poukisa. Yon ofisyè ap decide si laperèz sa a ase grav epi si moun nan gen chans pou l jwenn azil.

SÒTI NAN DETANSYON

ICE sipoze lage moun ki pa yon risk pou sekirite piblik e ke yo kwè ki pral parèt nan odyans imigrasyon yo alavni. Sepandan, ICE souvan pa fè sa epi kenbe moun fèmen.

- **Bond** - Menm jan ak peye kosyon nan ka kriminel, ICE ka mande pou yon moun peye lajan pou yo ka retire li nan detansyon. Malerezman, dènyèman Tribinal Siprèm Ameriken an te decide yo pa t oblije kite moun k ap chèche azil yo soti sou kosyon ditou, sa vle di yo ka rete nan prizon nan move kondisyon pou yon tan long epi yo pa fè anyen pou yo regle sa.
- **Libète Imanité (Parole)** – “Parole” se pèmision pou rete Ozetazini pou yon kantite tan limite. Libète imanité vle di yon moun gen dwa rete nan peyi Etazini pou pwòp pwoteksyon li.
- **Petisyon Habeus** - ICE pa kapab kenbe yon moun nan detansyon pou plis pase sis mwa apre li decide depòte yo. Yon Petisyon Habeus se yon demann pou yo libere w nan detansyon si w toujou fèmen pou yon tan long apre yo fin di w ke yo pral depòte w.

YO PA P SEPARÈ FANMI OU, MEN...

ICE ka toujou siveye w ak anpil atansyon epi asire w ou fè sa ICE vle. Yo ka mande pou tcheke nan biwo ICE, swiv telefòn selilè ou, epi swiv mouvman ou ak yon monitè cheviy. "Altènatif pou detansyon" sa yo se tankou "prizon dijital" - menmsi ou pa nan yon selil, ICE sèvi ak teknoloji pou anpeche w vin konplètman lib.

Patisipe nan rankont Sipò Pou Azil Vityèl BAJI Chak De Semen ak ekip Legal BAJI a! Eskane kòd QR la oswa vin jwenn nou nan [HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/bajiasylumclinics). EMAIL juharah@BAJI.org pou dat ak lè.

